**दिन– मंगलवार** **दिनांक–01.07.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल रोजगार सँ संबंधित प्रोत्साहन योजना के मंजूरी दऽ देलक अछि। एकर अंतर्गत सभ क्षेत्र मे रोजगार सृजन, रोजगार क्षमता आ सामाजिक सुरक्षा के बढ़ावा देबाक लक्ष्य अछि। मंत्रिमंडलक बैसारक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ नव दिल्ली मे मीडिया के ई जनौलनि जे एहि योजनाक अंतर्गत पहिल बेर नोकरी पर आयल कर्मचारी के एक मासक दरमाहा पन्द्रह हजार टाका धरि भेटत श्री वैष्णव कहलनि जे दू वर्ष लेल विस्तारित लाभक संग अतिरिक्त रोजगार उत्पन्न करबाक लेल नियोक्ता के दू वर्ष धरि प्रोत्साहन लाभ देल जायत। केन्द्रीय मंत्रिमंडल एक लाख करोड़ टाकाक निधि संग अनुसंधान विकास आ नवाचार योजना के सेहो मंजूरी देलक अँछि। सूचना आ प्रसार मंत्री जनौलनि जे कैबिनेट राष्ट्रीय खेल नीति दू हजार पचीस के सेहो मंजूरी देलक अछि।

---

एम्हर, राज्य सरकार सीतामढ़ी में माता सीताक जन्मस्थली पुनौराधाम के अयोध्याक तर्ज पर विकसित करबाक लेल आठ सय तेरासी करोड़ टाकाक मंजूरी देलक अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक अध्यक्षता मे राज्य मंत्रिमंडलक बैसार मे एहि आशयक प्रस्ताव के मंजूरी देल गेल। बैसारक बाद कैबिनेट विभागक अपर मुख्य सचिव डॉक्टर एस. सिद्धार्थ जनौलनि जे एहि मे पुरान मंदिरक उन्नयन लेल एक सय सैंतीस करोड़ टाका आवंटित कयल गेल अछि। अपर मुख्य सचिव जनौलनि जे कैबिनेट मुख्यमंत्री प्रतिज्ञा योजना के मंजूरी देलनि अछि। एकर अंतर्गत छात्र लोकनि के तीन मास सँ बारह मास धरिक इंटर्नशीप लेल राशि देल जायत। डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे मुख्यमंत्री कलाकार पेंशन योजनाक प्रस्ताव के सेहो स्वीकृति भेटल। एकर अंतर्गत प्रदेशक वरिष्ठ आ आर्थिक रूप सँ कमजोर कलाकार के तीन हजार टाका प्रतिमास पेंशन देल जायत। ओ कहलनि जे एक आन निर्णय मे कैबिनेट राज्यक पुरान आ विलुप्त भऽ रहल कला के बचेबाक आ बढ़ेबाक मुख्यमंत्री गुरू–शिष्य परंपरा योजना के शुरू करबाक लेल वर्तमान वित्तीय वर्ष मे एक करोड़ एगारह लाख टाका खर्च करबाक प्रस्ताव के मंजूरी देलक।

डॉक्टर सिद्धार्थ जनौलनि जे कैबिनेट पंचायती राज संस्था आ ग्राम कचहरीक जनप्रतिनिधि के मुख्यमंत्री चिकित्सा सहायता कोष सँ अनुदान देबाक प्रस्ताव के स्वीकृति प्रदान कयलक अछि। एकर अतिरिक्त कैबिनेट प्राकृतिक खेती योजना लेल वर्तमान वित्तीय वर्ष मे छत्तीस करोड़ पैंतालीस लाख टाका खर्च करबाक समेत कुल चौबीस एजेंडा के मंजूरी प्रदान कयलक अछि।

---

रेल मंत्रालय यात्री लोकनि लेल रेल सेवा किराया मे आइ सँ बदलाव कयलक अछि। बिना ए.सी मेल आ एक्सप्रेस रेलगाड़ीक किराया मे मामूली वृद्धि कयल गेल अछि। एकर किराया एक पाई प्रतिकिलोमीटर आ ए.सी श्रेणी मे दू पाई प्रतिकिलोमीटर बढ़ाओल गेल अछि। मंत्रालय जनौलक जे उपनगरीय एकल यात्रा किराया आ मासिक सीजन टिकट मे कोनो वृद्धि नहि होय आरक्षण शुल्क, सुपरफास्ट प्रभार आ आन शुल्क मे कोनो बदलाव नहि होयत।

---

दरभंगा हवाई अड्डा सँ आइ सँ आकाशा एयरलाइंस मुम्बई लेल उड़ान यात्रा शुरू कऽ देलक। दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर एहि हवाई सेवाक केक आ फीता काटि कऽ शुभारंभ कयलनि। ओतहि, विमानक पहिल यात्री के बोर्डिंग पास सेहो सौंपलनि।

---

राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव मतदाता पुनरीक्षण अभियान पर सवाल उठौलनि अछि। पटना मे महागठबंधनक घटक दलक प्रेस वार्ता मे श्री यादव कहलनि जे आयोग एखन धरि विपक्षी दलक सवाल के जवाब नहि देलक अछि आ ने एहि मुद्दा पर सर्वदलीय बैसार बजौलक अछि।

---

भाजपा राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव द्वारा वक्फ संशोधन कानून के लऽकऽ देल गेल बयानक कड़गर आलोचना कयलक अछि। पार्टी प्रवक्ता गौरव भाटिया आइ नव दिल्ली

मे जनौलनि जे ई मामिला एखन सर्वोच्च न्यायालय मे लंबित अछि। एहि स्थिति मे ई कानून के लऽकऽ देल गेल अराजक बयान एक तरहें सर्वोच्च न्यायालयक अवमानना अछि। ओ कहलनि जे किछु दल तुष्टिकरणक राजनीति करैत अछि, जकरा संवैधानिक मूल्य सँ कोनो लेना देना नहि अछि।

———————————————————————————

दरभंगा जिलाक मब्बी थाना क्षेत्र अंतर्गत एन.एच सत्ताईस पर वाहनक जाँच पर लागल परिवहन विभागक वाहन के एक अनियंत्रित वाहन टक्कर मारि देलक। एहि टक्कर मे प्रवर्तन अवर निरीक्षक मुन्ना कुमारक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि दू आन गोटे गंभीर रूपे घायल भऽ गेलाह। दोसर दिस पटनाक दानापुर स्थित उड़ान टोला सूर्यमंदिर लऽग एक तेज गति वाहनक चपेट मे अयला सँ मोटरसाईकिल सवार एक युवकक मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————

प्रदेश मे मानसूनक प्रभाव सँ बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार आइ पटना, अरवल, मुंगेर, भोजपुर, सीवान, सारण आ समस्तीपुर समेत कतेको जिला मे मुसलाधार बरखा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि राज्यक उत्तर–पूर्वी आ दक्षिणी क्षेत्र मे तेज हवाक संग बरखा हेबाक संभावना बनल अछि। कैमूर जिला धरि राज्यक पश्चिमी क्षेत्र मे किछु स्थान पर भारी बरखा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।